

KAT OU SE SWEN OU

Jere kat Medicaid ou a fason ou jere kat Sekirite Sosyal oswa kat kredi ou an—**pa** prete ni vann li bay pèsòn. Konsève li kote ki an sekirite tankou kòb oswa ckekye ou—kote tout moun pa p wè li.

Pa pataje kat Medicaid ou an, nimewo Medicaid ou an, ni lòt enfòmasyon medikal ou yo ak moun ki pa otorize pou genyen yo. Se sèlman ak doktè, klinik, lopital, famasi ou, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ou ta dwe pataje enfòmasyon sa yo.


Si ou sispèk yon moun ap eseye itilize kat oswa nimewo Medicaid ou a mal, denonse sa nan Biwo Enspektè Jeneral Medicaid la. Nan rapò a, mete moun ki enplike a, lè sa te rive a, bagay mal ki te pase a epi si gen moun ki te temwen move konpòtman an.

Epitou, ou kapab denonse fwòd ou sispèk la san ou pa site non ou. Men, lè ou bay non ou ak lòt enfòmasyon pou pran kontak ou, sa pral ede anketè yo si yo bezwen plis enfòmasyon.

877-87-FRAUD
(877-873-7283)



Office of the Medicaid Inspector General



www.omig.ny.gov



Office of the Medicaid
Inspector General

Fason pou Pwoteje Kat ak Nimewo Medicaid ou a



Pwoteje tèt ou. Pwoteje pwogram ou an. Fason pou pwoteje kat ak nimewo Medicaid ou a.

Fwod Medicaid se pa yon krim ki fèt san pa gen viktim. Lè ou fè espere ou blofe oswa mal reprezante lòt moun yo pou benefisye avantaj san otorizasyon, sa kapab mete swen medikal ou an danje, gaspiye dola kontribyab yo, epi se yon bagay lalwa entèdi.

Yon bagay ki kapab rann ou frajil pa rapò ak fwod Medicaid se lè ou pataje kat oswa nimewo Medicaid ou a ak nenpòt moun ki pa doktè ou, klinik ou, lopital ou, oswa lòt pwofesyonèl swen sante Medicaid.

REZON KI FÈ OU PATAJE KAT OSWA NIMEWO MEDICAID LA MAL



- Lè ou ede yon zanmi oswa fanmi ki bezwen swen medikal men ki pa gen asirans swen sante.
- Lè ou vann oswa twoke kat la oswa nimewo a pou lajan, machandiz, oswa sèvis ki pa sèvis Medicaid.
- Lè ou mal itilize kat Medicaid la kòm yon fòm pyès idantite pèsònèl.
- Lè ou reponn moun k ap vann depòtanpòt oswa nan telefòn ki mande yon kat oswa nimewo Medicaid.
- Lè ou bay etranje ki ofri tès medikal, egzamen gratis, oswa lòt kado kat oswa nimewo Medicaid la.
- Lè ou pwoteje tèt ou kont yon moun ki menase ou menm oswa fanmi ou si ou pa pataje kat oswa nimewo Medicaid yo a.

KONSEKANS KI GENYEN LÈ OU MAL PATAJE YON KAT OSWA NIMEWO MEDICAID

- Yo ka mete enfòmasyon pèsònèl oswa enfòmasyon medikal yon lòt moun nan dosye medikal ou a, epi sa kapab fè gen erè lè ou bezwen tretman.
- Medicaid ka pa peye pou swen ou bezwen an si li te deja peye menm swen an pou yon lòt moun.
- Ou ka oblije ranbouse Medicaid kòb la.
- Ou menm oswa yon moun ki itilize kat ou a kapab tonbe anba sanksyon rive jiska 10 lane prizon epi peye yon amann \$500,000 dola paske ou kite yo mal itilize yon kat oswa nimewo Medicaid.



KISA OU KAPAB FÈ?

**SI OU SISPÈK YON MOUN AP UTILIZE KAT
OSWA NIMEWO KAT OU A MAL,**

Denonse Fwod la!

Biwo Enspektè Jeneral Medicaid la
Bureau of Medicaid Fraud Allegations
(Biwo Akizasyon pou Fwod Medicaid)
800 North Pearl Street
Albany, NY 12204

Nan telefòn:

**877-87-FRAUD
877-873-7283**

Oswa sou entènèt:

**[www.omig.ny.gov/medicaid-fraud/file-
allegation](http://www.omig.ny.gov/medicaid-fraud/file-allegation)**